ФИфI фымыгъэпуд, фи IеЙ фымыгъэпщкIу

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№219 (23.127) • 2015 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 12, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хагъэхьащ Урысейм и Къэрал советым и президиумым

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Урысей Федерацэм и Къэрал советым и президиумым хагъэхьащ. Абы теухуа унафэм Iэ щIидзащ Урысейм и Президент Путин Владимир.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыдэкIуэу президиумым хагъэхьащ Урысей Федерацэм и нэгъуэщI субъекту 8-м: Краснодар, Красноярск крайхэм, Севастополь къалэм, Новгород, Владимир, Ульяновскэ, Сахалин, Свердловскэ областхэм я Iэтащхьэхэр.

Къэрал советыр къэралым и Iэтащхьэм къэрал властым и органхэр зэгурыIуэу лэжьэнымрэ зэдэIэпыкъунымрэ хиубыдэ IэхэхэмкIэ и полномочиехэр дигъэкIыныжмкIэ щIэгъэкъуэн хъун чэнджэщзэгъу органщ. Оперативнэ Iэхэхэм елэжьын папщIэ Къэрал советым и президиумыр, абы хэтынухэр къэралым и Iэтащхьэм еубыдыху икIи ахэр илъэс ныкъуэ къэс зэ зэрахьэхэ. Президиумыр Къэрал советым иригъэкIуэкIын хуей лэжьыгъэхэм я планыр зэригъэзащIэмрэ абы къищтэ унафэхэмрэ якIалъоплъ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● Гу зылъытапхъэ

Республикэм и финанс документ нэхъыщхьэм тепсэлъыхьынущ

2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 18-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ 2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетымрэ а зэман дыдэм тещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани эмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетымрэ ятеухуа едэIуэныгъэ.

А законхэм я проектхэм хуащI дагъуэхэмрэ хэлъхьэпхъэу къалъытэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ, апхуэдэу едэIуэныгъэм хэтын папщIэ заявкэхэр организацэхэм, къэрал, муниципальнэ органхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэмрэкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым хуагъэхьын хуейщ мы адресымкIэ: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 55. Телефоныр: (8662) 42-64-60.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Хабзэр зыхъумэхэр ягъэлъапIэ

КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIыр щэкIуэгъуэм и 10-м мы Iэнатlэм пэрытхэм, абыхэм я унагъуэхэм, ветеранхэм ехьуэхъущ УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и органхэм я гъэбакIуэм и махуэмкIэ.

- Нобэ МВД-м щылажьэхэм къалэн нэхъ гугъу, жэуаплныгъэ зыпылъхэр ягъэззащIэфыну къару яIэщ, абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр щIэпхъаджагъэхэм, экстремизмэм пэщIэтныныр, цIыхухэм я хуитныгъэхэр хъумэныр, лей зекъэным пэIэщIэ щIыныр, щIыналъэм хабзэр къыщIэзэпызыуд щымыгъэIэныр.

Полицэм иджы щылажьэ щIалэщIэхэм щапхъэ зытрахын яIэщ. Шэч хэлъкъым, ди щIалэгъуалэм я къарур зэрырахьэлIэнум ди республикэм хабзэм пщIэ щиIэным.

Коллегиемрэ министерствэм и унафэщIхэмрэ къабгъэдэкIыу сохъуэхъу иджы лажьэхэмрэ я ныбжьыр къэсу тIысыжахэмрэ. Насып куу, узыншагъэ быдэ фиIэну, къэралым, республикэм ифI зыхэлъ Iуэхухэр вгъэкIуатэу фи Iэнатlэм фыпэрытыну си гуапэщ, - жиIащ министр Ромашкин Игорь.

УФ-мрэ КъБР-мрэ я МВД-хэм я ЩIыхь, ФIыщIэ тхьылъхэр ираташ къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэ нэхъ пажэхэм.

УФ-м спортымкIэ и министрым и унафэкIэ, полицейщым «УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер» цIэ лъапIэр фIащащ. Апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым Хабзэм епха Iуэхугъуэхэмкlэ и советым хэт Попов Виктор КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхьылъхэр цIыху зыбжанэм яхуигъэфэщащ.

Милицэм и лэжьакIуэхэм я скверым щыпащащ адэкIэ махуэшхуэм. Полицэм хэтхэм ехъуэхъуащ КъБР-м щыIэ МВД-м и министр **Ромашкин Игорь**, министерствэм деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщI **Балъкъуз Валерий**, КъБР-м и ОВД-мрэ ВВ-мрэ я ветеранхэм я советым и Iэтащхьэ **Думай Борис**, генерал-лейтенант **Щоджэн Хьэчим** сымэ.

ПэкIум хэтахэм удэ гъэгъаехэр тралъхьащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэмрэ я къулыкъум пэрыту яукIахэмрэ я фэеплъым.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● Урысейм и Хъумапlэ банкыр илъэси 174-рэ ирокъу

Экономикэ зыужьыныгъэм и лъабжьэр финансхэрщ

МЫ ЗЭМАНЫМ республикэм и экономикэм гугъуехь пыухыкIахэр къыльыкъуэкIами, Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ Iапи Iэм и лэжьакIуэхэр езыхэм я махуэшхуэм екъулIэныгъэ пыухыкIахэр яIэу ирихьэлIащ. Гуп зэкъуэту икIи егугъуу Iуэхум зэрыбгъэдэтым и фIыщIэкIэ дэ банк бизнесым и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэ псоми хэдгъэхъуэфащ.

Урысейм и Хъумапlэ банкыр Iэнатlэ куэдым ядолажьэ икIи абы Iуэхущ Iапи Iэхэми цIыху щхьэхуэхэми банк Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыныгъуэхэр яхуещIэ. Дэ Iэнатlэм и офис щхьэхуэу, банкомату, терминалу куэд дызэриIэм къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм я нэхъыбапlэм дальэIэс. Иджыпсту предприятэу, организацэу, хьэрычэтыщIэу республикэм щыIэхэм я процент 46-м нэблагъэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэр дэращ. Апхуэдэу ахъшэ гъэтIылъа зиIэхэм я процент 69-м щIигъум ар ди Iуэхущ Iапи Iэхэм щахъумэ.

Ильэс куэд льандэрэ Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ Iапи Iэр жыджэру холэжьыхь федеральнэ, щIыналъэ социально-экономикэ программэхэр гъэзэщIэным. Республикэм и предприятэхэм я закъуэ абы кредиту яритар сом мелард 20-м щIегъу. А ахъшэм и процент 60-м нэблагъэр зыхъуаутIыпщар инновацэ проектэхэр, апхуэдэу Урысей псом зыхуэбгъэдэн щымыIэ нэгъуэщI проект инхэр гъэзэщIэнырщ. Банкыр ахъшэ щIыхьэкIэ ядолIэпыкъу аграрнэ Iэнатlэм, сырьем елэжь промышленностым, ухуэныгъэм и Iэнатlэм проектышхуэхэр щызыгъэзащIэхэм. Апхуэдэу ди Iуэхущ Iапи Iэм и ахъшэр къагъэсэбэп псэупIэ хьэблэ екIуэкI зыухуэхэм.

Къэбгъэлъагъуэмэ, банкым ярита щIыхуэр иджыпсту къагъэсэбэп гъэ къэс хадзэкIыу тонн мин 75-рэ къехьэлIэным, хъумэным, щэным ятещIыхьа проектыр зыгъэзащIэхэм; помидорыр щагъэкIын папщIэ гектар 20 къызэщIэзыубыдэ теплицэ комплекс зыщIэхэм; горох щхьэантIэмрэ нартыху цIынэмрэ зыгъэкIыну икIи банкIэхэм изыльхьэну заводыр зыухуэхэм. Апхуэдэу дэ кредитхэр етташ хадзэкI тонн мини 10 зыщIэхуэхъэн хъумапlэ, фэтэр куэд хъу псэупIэ унитI ящIын папщIэ.

Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр инвестицэ проект ин зыбжанэ гъэзэщIэным дызыхуэкIуэ илъэсми хэлэжьыхьынущ. Хэхауэ дэ ахъшэ нэхъыбэ яхуэдутIыпщынущ мэкъумэш хозяйствэм и Iэнатlэу нэгъуэщI къэралхэм къыщащэху продукцэр гъэмэщIэным хуэгъэзауэ лажьэхэм.

Рынок зэхущытыкIэхэм зегъэужьыныкIэ икIи экономикэм и Iэнатlэм щызэпеуэным-кIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм къыхэкIыу, дэ хьэрычэт Iэнатlэ мыинхэми щIэгъэхуэбжьауэ дадолажьэ. Бизнесым и Iэнатlэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ дэ тта щIыхуэр сом мелард 3-м щIегъу.

Дызэрыт ильэсым Хъумапlэ банкым пищащ хьэрычэт Iэнатlэ мыиным и субъектхэм тендер шэсыпIэхэмрэ къэрал контрактхэм япкъ иткIэ къабгъэдэхэу къалэнхэр ягъэзэщIэнымкIэ шэсыпIэхэмкIэ ядолIэпыкъуным. Экспресс-къэпщытэныгъэ лэжьыгъэр ди деж тэмэму зэрыщызэтеувам и фIыщIэкIэ ди банкым къыпыщIа цIыхухэмрэ Iэнатlэхэмрэ Iэмал ягъуэт конкурсхэмрэ аукцион зэпыщIахэмрэ зэрыхэтыну заявкэхэр и зэманым ягъэхьэзырыну, апхуэдэу сакъылэт зэмылIэужьыныгъуэхэр къамыгъэсэбэпу законодательствэм кьиэзэригъэуэвым тету къэрал контрактхэр ягъэзэщIэну.

Республикэм и къэрал властым и органхэм дазэрыдэлажьэм зэпымыууэ зеубгъу. А лажьыгъэм унэтIныныгъэ зыбжанэ иIэщ. Къапщтэмэ, Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр зыхуэфащэ хабзэхэм тету къыхаха проектхэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ кредитхэр етыныкIэ дэ КъБР-м и Шэсыпlэ фондым быдэу дыпыщIащ.

«Урысейм и Хъумапlэ банк» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ Iапи Iэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ зэдолажьэ 2013 - 2020 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныкIэ, мэкъумэш продукцэм, сырьём, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэблэгъэныкIэ къэрал программэр гъэзэщIэным тещIыхьауэ. Мы программэм ипкъ иткIэ уней лъапсэхэм къыщызэрагъэпэща хозяйствэхэм ахъшэкIэ зыщIагъэкъуэн хуейщи, а Iуэхури Хъумапlэ банкым и дежкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщу. Дяку дэлъ зэгурыIуэныгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, щIыхуэ нэхъыщхьэр щыщыщынырэ хуей пIалъэр Хъумапlэ банкым ильэситкIэ игъэIэпхъуэну, апхуэдэу зэтехэнэми нэхъыбэ дыдэу ирит хъуну кредитыр къыщифбжкIэ уней лъапсэм къыщызэрагъэпэщ хозяйствэм къыпэкIуэну хъерыр зыхуэдизыр къильытэну хуитщ.

Ди лэжьыгъэм хиубыдэу увыпIэшхуэ иIыгъщ цIыху щхьэхуэхэм кредитхэр зэрырат щIыкIэм зегъэужьыным. Абы и льэныкъуэкIэ Урысейм и Хъумапlэ банкым бжьыпэр иIыгъщ: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм банкхэм хуаIэ щIыхуэхэм я процент 40-м щIигъур къызыбгъэдэкIыр дэращ икIи нобэм ирихьэлIэу апхуэдэ щIыхуэхэр сом мелард 12-м щIегъу.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Мы махуэхэм

Щэкlуэгъуэм и 12, *махуэку*

●Фlагъым и дунейпсо махуэщ

●Пневмонием (тхьэмбыл узыфэм) ебэныным и дунейпсо махуэщ

●Урысейм и Хъумапlэ банкым и лэжьакIуэхэм я махуэщ

●Урысейм шынагъуэншагъэр къыззгъэпэщынымкIэ и Iэнатlэм и Iэщlагъэлъым и махуэщ

●Азербайджан Республикэм и Конституцэм и махуэщ

●1472 гъэм Урысейм и Гербыщlэр щхьитIзыфlэтэ бгъэр зытетыр – къащтащ.

●1982 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу хахащ Андропов Юрий.

●Совет, урысей актрисэ, уэрэджыIакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Гурченкэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

●Пианисткэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Еленэ** къыщалъхуа махуэщ.

●Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, философием и доктор, профессор, щIIДАА-м и академик, томий хъу «Адыгэ тхыдэ щIэнгъуэзэр» хьэрыпыбзэкIэ къыдэзыгъэкIа **Бацэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хьер** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

●Къэрал къулыкъущIэ, УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Мень Михаил** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэзыр тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 13, жэщым градуси 3 - 6 щыхъунущ.

Щэкlуэгъуэм и 13, *мэрем*

●Нэфхэм я дунейпсо махуэщ

●Урысейм радиацэм, химическэ, биологическэ Iэщlэхэм зыщыхъуэмэным тегъэпсыхьа и дзэхэм я махуэщ

●1758 гъэм Москва и лъабжьэр щагъэтIылъащ Япэ медицинэ институтым (иджыпсту Сеченов И. М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт медицинэ академиерщ).

●1851 гъэм Москваръ Санкт-Петербургрэ зэпызыщIэ Николаевскэ (иджы Октябрьскэ) гъущI гъуэгур ятащ.

●1872 гъэм дунейм къытехьащ Толстой Лев и «Азбука»-м и япэ къыдэкIыгъуэр.

●1918 гъэм Рязань къапэм къыщызэрагъэпэщащ хьэуа-десантыдзэхэм я унафэщIхэр щрагъэджэну училищэр.

●Шотландием щыщ тхакIуэ, усакIуэ, «Остров сокровищ» роман цIэрыIуэр зи Iэдакъэщ Iэкl **Стивенсон Роберт** къызэралъхурэ илъэси 165-рэ ирокъу.

●АР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Адыгей Республикэм и Гербыр зыщIа **Мерэтыкъуэ Долэт** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

●Зэдзэкlакlуэ, радиожурналист **Мэремкъуэ Ларисэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэзыр тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Щэкlуэгъуэм и 13, *мэрем*

●Нэфхэм я дунейпсо махуэщ

●Урысейм радиацэм, химическэ, биологическэ Iэщlэхэм зыщыхъуэмэным тегъэпсыхьа и дзэхэм я махуэщ

●1758 гъэм Москва и лъабжьэр щагъэтIылъащ Япэ медицинэ институтым (иджыпсту Сеченов И. М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт медицинэ академиерщ).

●1851 гъэм Москваръ Санкт-Петербургрэ зэпызыщIэ Николаевскэ (иджы Октябрьскэ) гъущI гъуэгур ятащ.

●1872 гъэм дунейм къытехьащ Толстой Лев и «Азбука»-м и япэ къыдэкIыгъуэр.

●1918 гъэм Рязань къапэм къыщызэрагъэпэщащ хьэуа-десантыдзэхэм я унафэщIхэр щрагъэджэну училищэр.

●Шотландием щыщ тхакIуэ, усакIуэ, «Остров сокровищ» роман цIэрыIуэр зи Iэдакъэщ Iэкl **Стивенсон Роберт** къызэралъхурэ илъэси 165-рэ ирокъу.

●АР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Адыгей Республикэм и Гербыр зыщIа **Мерэтыкъуэ Долэт** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

●Зэдзэкlакlуэ, радиожурналист **Мэремкъуэ Ларисэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэзыр тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 13, жэщым градуси 3 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псэ зыпыту мышынэ щыIэкъым.

Зеикъуэ и гуфIэгъуэ махуэшхуэр зэрагъэтар

Жэпуэгъуэм и 25-м Iэтауэ ягъэлъэпIащ Зеикъуэр - Хьэтlохъущыкъуэй Ипщэр - жылэу зэрытIысрэ илъэс 400 зэрырикъуар. Къуажэм и тхыдэм теухуа щIэныгъэ конференцкIэ къыщIадзэри, нэгуэныжьу, гукъинэжу екIуэкIащ а махуэр, хьэщIэ лъапIэхэмрэ къуажэдэсхэмрэ щызэрыльытэу, щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я гурыфIыгъуэмкIэ щызэдэгуашэу.

Зеикъуэ и гуфIэгъуэ махуэшхуэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэхэмрэ абы щытраха сурэтхэмрэ щызэхуэхьэсащ мы къыдэкIыгъуэм и 3 - 4-нэ напэкIуэцIхэм.

БЫФ Анатолий:

Цыхухэм зэрахуэзэр депутатхэм я дежкІэ дэІэпыкъуэгъушхуэщ

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат, Мылъкум и Іуэхухэмкіэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Быф Анатолий Къэрал Думэм и жылагъуэ екІуэлаПІэу Налшык дэтым щаІущІащ зи щхьэ Іуэхукіэ зыкъыхуэзыгъэзахэм.

СЫТ ЩЫГЪУИ хуэдэу, цыхухэр нэхъыбэу зыгъэпейтейхэм ящынщщ лэжьапщІэр, псэупІэр, льготэ зэмыліужьыгъуэхэр къеІыхыным, бизнесым и ІэнатІэм щыщыІэгугъуехьхэр. Стрешиловэ Татьянэ депутатым кьелъэІуащ и щхьэгъусэу щытам алимент кьеІыхыныжмкІэ дэІэпыкъуну. ЦІыхубзым куэд щІэуэ апхуэдэ ахъшэ къыІэрыхьэркъым икІи и пхъур езым и закъуэу епІ.

ЩІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и къэлэкІуэ Григорьев Сергей иритхъэусыхащ къулыкъукІэ езыр нэхъ льагэ пэтми, и лэжьэгъуэхэм нэхърэ ахъшэ нэхъ мащІэ къызэрихьым.

Мельников Валентин спорт школым гъэсакІуэу щолажьэ. Ауэ школыр зыщІэс унэр бздэжнду къащтэу араущ, ар зыІэщІэлъхъэм щыхуей бздэжнду деж бздэжнду уасэр нэхъыбэ ящІ.

Фэтэр куэд хъу унэхэм ящыщІ щым щыпсэухэм я щІэкІэ депутатым зыкъыхуигъэзащ Крилевэ Верэ. Ар ироутхъэусыхэ фэтэрхэм ящыщ зыр Іуэхунщэхэм я зэхуэсыпІэм икІи унэм щІэс адрей унагъуэ псоми я дежкІэ абы гугъуехь куэд кьиззырыдэкІуэм.

«КъекІуалІэхэм я нэхъыбэр юридическэ хабзэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІоупщІэ, - жиІащ Быф Анатолий. - Абыхэм ящыщ дэтхэнэми зэрыхуэфащэкІэ быдэІэпыкъуащ, ахэр къыщІекІуэпІэ Іуэхуэхэм ящыщІа упщІэхэр зыхуэфащэ ІэнатІэкІэм едгъэхьащ. Апхуэдэу щыщыткІэ, дэтхэнэми ехьэлІауэ захуагъэр зэтрагъэувэжьну сыщогугъ».

Парламентарым кьызэрилъытэмкІэ, цІыхухэм зэрахуэзэр депутатхэм я дежкІэ дэІэпыкъуэгъушхуэщ. Ар сэбэп мэхъу закон пыухыкІахэм я проектхэр гъэхьэзырыныжмкІи.

Экономикэ зыужьыныгъэм и лъабжьэр финансхэрщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Псори зэрыщыгъуаззэщи, республикэм иджыпсту щыпсэухэм ящыщ куэдым зыщІэсын унэ къаІэщхуну е ящІыну къапэщытщ. Абы къыхэкІыу дэ зэпымыууэ догупсыс апхуэдэ цІыхухэм ипотекэ кредитхэр къыІахыныжмкІэ Іэмал нэхъыфІхэр къахузэгъэпэщыным. Псалъэм папщІэ, иджыпсту ягъэзащІэ анэм ахъшэ зэрыхухахамкІэ сертификат зиІэхэм къащта ипотекэ кредитхэм проценткІэ щхьэщапІхьым щыщ Іыхьэ республикэ бюджетым къыхэкІ ахъшэкІэ яхуэпшыныжьынымэ теухуа зэгурыІуэныгъэр. Апхуэдэу кредитым щхьэщатыкІ ахъшэр уапІшыныж кредитымкІэ зэгурыІуэныгъэр ар къэзыщтэмрэ банкымрэ щызэращІылІа махуэм ирихьэлІэу УФ-м и Банк нэхъыщхьэм щыхуэхэм щхьэщатыкІын хуейуэ игъэуа ахъшэм и процент 50 хъуэ. Мыбдеж псэупІэ къащІэхуэн папщІэ пэублэ взносу анэм уатха ахъшэр къагъэсэбэп хъунущ, нэгъэущІу жьиПэмэ, унагъуэм абы папщІэ ахъшэ зэхуихьэсын хуейкъым. АтІэми, а сертификатым иткІэ ахъшэр псори къагъэсэбэп хъунущ, сабийм и ныбжьыр илъэсищ щрикъум пэмыплІэу.

ЯпэхэмИ хуэдэу, ХъуманІэ банкым къащыщэзІуаха счётхэр къагъэсэбэпурэ зи лэжьапщІэр кьеІыхыххэм щыхуэ кьыщащтэкІэ документхэр гъэхьэзырыным и лъэныкъуэкІэ зыкъомкІэ худачых. Абыхэм кредитхэр хухахын папщІэ Урысей Федерацэм и паспортыр яІэмэ икІи анкетэ ягъэхьэзырмэ зэфІэкІынущ.

Нобэм ирихьэлІэу цІыхухэм Іэхутхъэбзэ яхуэщІынымк лъэныкъуэкІэ ХъуманІэ банкым инфраструктурэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и щІыналъэм хеубыдэ Іуэхущ щІэпІэхуэу 72-рэ, цІыхухэм я Іэхуэхэр езыхэм щыдагъэкІыж офис 13, банкомати 182-рэ, ахъшэ щыІах терминал 216-рэ, сату Іуэхущ щІэпІэхэмрэ Іуэхутхъэбзэхэр зэфІэзыгъэкІ Іуэхущ щІэпІэхэмрэ кьыщагъэсэбэп терминал 855-рэ. Адрей Іуэху псоми къадэкІуэу, абы и фЫщІэкІэ дэ Іэмал дгъуэтащ «Еврокоммерц» акционер зэгухьэныгъэм зи ахъшэр щІэзыхъумэжм страховой ахъшэ етыжьныжмкІэ лэжьыгъэм занщІэу 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 6-м щегъэжьауэ дыхьихьэныжмкІэ. Ялэ махуэхэм къызэрагъэпсэфуамкІэ, зи гугъу тщІы апхуэдэ цІыхухэм я нэхъыбапІэм я ахъшэр ХъуманІэ банкым халъхьэну траухуэ. Апхуэдэ дзыхьым дэ дрогушхуэ икІи ар зэрыдгъэпэжыным зэпымыууэ дыхуущІэкъунущ.

ЦІыхухэр банкым къэмыкІуэу Іуэхутхъэбзэхэр зэрыхуащІэ Іэмалхэм заубгъу. Къапщтэмэ, «ХъуманІэ банк ОнЛ@йн» интернет-банкингыр, ахъшэ зэрат терминалхэр, банкоматхэр къагъэсэбэпурэ цІыхухэр я унэ щІэсу компьютеркІэ я ахъшэр зэрагъэкІуэфынущ: счётхэр кьызэІуахьфынущ, зы счётым ирагъэкІыу адрей счётым ахъшэр ягъэкІуэфынущ, кредитхэр, коммуналнэ ІуэхутхъэбзэхэмкІэ щІыхухэр япшыныфынущ, апхуэдэу цІыху щхьэхуэхэми юридическэ ІэнатІэхэми ахъшэ хуагъэхьыфынущ. Мыбы и Іэныкъуэкіэ хуабжьу къэгъэсэбэпыгъуафІэщ «Автоплатёж ЖКХ» сервисыр. Абы ипкъ иткІэ банкым къепха цІыхум псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхутхъэбзэхэм я уасэу ипшыныпхъэр занщІэу абы и ахъшэм хагъэкІыу ищІ хъунущ.

Урысейм и ХъуманІэ банкым и зэхэпльыкІэмрэ ар зэрызэрахьэ щІыкІэмрэ зэпымыууэ ирегъэфІакІуэ. Абы хиубыдэ Іуэхущ 2016 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ Кавказ Ищхъэрэ, Ищхъэрэ-Кьуэлъэпі банкхэр зэрызэгуагъэхьэжьр икІи абы и унафэщІ Іуэхущ ІанІэр Ростов зэрыщІынур. Абы и фЫщІэкІэ унафэщІ Іуэхухэм трагъэкІуадэ ахъшэр ягъэмэщІэнущ, апхуэдэу сыт хуэдэ лэжьыгъэми унафэ зэрытращІыхь зэманир нэхъ мащІэ хъунущ. Абы екъэлІауэ жьисІэну сыхуейщ ди банкым и Іуэхутхъэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм, апхуэдэу Інтернетым и проект инхэр зыгъэзащІэхэм я сэбэпи абы зэрыхэлъынур.

ЗэфІэкІыу, хэкІыпІэу диІэхэр нэхъ нэгъэсауэ къэзыгъэсэбэпурэ, дэ бизнесым и ІэнатІэми къыззыгуэкІ цІыхухэми даззрыдэлажьэр едгъэфІэкІуэну, абыхэм яхуэтщІы Іуэхутхъэбзэхэм я фІагъэр къэтІэтыну ди мурадщ.

Си псалъэм и кІэухыу дэ къыддалажьэ псоми фЫщІэ яхуэсщыну сыхуейщ лъэныкъуитІми я сэбэп хэлъу дызэрызэпыщІам, абыхэм дзыхь къызэрытхуащІым папщІэ. Апхуэдэу Урысейм и ХъуманІэ банкым и лажьакІуэ псоми махуэшхуэмкІэ сохъуэжьу. Нобэ ди банкыр къэрал псом зэрыщыпашэр, зэпІэзэрыту зэрылажьэр икІи цІыхухэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным езым къыльыс зэрызихьэр зи фЫщІэр аХэрщ, абыхэм жьыджрагъ, егупынугъэ зэрахъэлырщ, я ІэнатІэм пэжыгъэкІэ зэрыбгъэдэтырщ. Си гуапэщ дэтхэнэ зыми узынщагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ яІэну, екъуІэныгъэ зыщхьэр къахьыну.

УРЫСБИЙ Хьэмидий,
«Урысей Федерацэм и ХъуманІэ банк» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ ІанІэм и унафэщІ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● УкъэзыгъэуІэбжь бжыгъэхэр

Гъунэ зимыІэ

Комиссэ щхьэхуэм кьызэрилъытэмкІэ, зы илъэсым таможнэм къэралым фІегъэпщкІу сом триллиони 2,5-рэ

2015 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м УФ-м и Премьер-министр Медведевым, Следствэ комитетым и Іэтащхьэ Бастрыкиным, Президентым и кІэлъыплъакІуэ Іуэхущ ІанІэм и унафэщІ Чуйченкэ сымэ яІэрыхьащ узыгъэгужьей тхьилъащ. Абыхэм я щхьэфэщым зригъэІэтагъэнущ. Тхьилъэм ярыт хъыбархэр апхуэдизкІэ зыпэмыплъаэщи, жьиПэнур кьыпхуэщІэркъым. Абы иужькІэ премьерым и Іуэху еплъыкІэхэм зэуэ захъуэжьыкІэ хъунущ. Иджыри къэс абы игугъащ зы дуней тету, арщхьэкІэ зыщыпсэуэр нэгъуэщІу къыщІэкІащ.

Тхыгъэхэр зытеухуар мыращ. Урысей таможнэм бюджетым ирит хэщІыныгъэр апхуэдизкІэ инщи, ар зыкІи ебгъапщэ хъунукъым иужь илъэсхэм къэралым щекІуэкІа уэхэныгъэхэм щыізэхадыгъуа мелардищэхэм, уеблэмэ доллар мелардищІэр игъэкІныжмкІэ зэрахьа банк хьэгъэщагъэхэм. Урысейм и таможнэм щыізэхадыгъуэ дунеим и къэрал мыкъулейсызхэм я бюджетым хуэдиз. Федеральнэ ахъшэмэ и Іыхьэ тхуанэр щоІуэд. Ар зы илъэсым триллиони 2,5-рэ мэхъу икІи къэралым псори зэхэту медицинэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм тригъэкІуадэм нэхърэ нэхъыбэщ.

ЕтІуанэ хэкІыпІэр

Хъыбарыр ди щхьэм кьитІасэркъым, апхуэдизкІэ дызыпэмыплъащи. Дауэ апхуэдэ кьызэрыхъунур? Ауэ хъыбарыр кьызыпкърыкІар укъэзымыгъэпщІэну цІыхущ. Таможнэм мылькур зрещІыжьащэхадыгъуэм теухуа бжыгъэхэр кьэзыхьыр Къэрал Думэм и УнафэщІым и къуэдзэ Левичев Николайщ.

Іэхуащ ІанІэхэм зэдай комиссэм и унафэщІу пІалъэ кІыхькІэ лэжьащ ар, зи гугъу тщІы тхьилъхэр къулыкъушхуэ зыбыгъ цІыхухэм я пащхьэ ирилъхьэн папщІэ. «Аргументы недели» газетыр щыгъуаз хьуащ абыхэм ярыт бжыгъэ тельыджхэм.

Комиссэм и тхыгъэр кІыхьщ, ауэ абы сэтей кьищІкэр кьыбгурыІуэн папщІэ еджагъэшхуэу ущытын хуейкъым. Инэжьи ІэкІэ таможнэм дэкІыпІэ-дэпщыпІэхэр кьызэригъэпэщащ, и зы соми бюджетым мыкІуэу. ЖьитІэр щІэкъым, абы нэхъапэкІи куэдрэ тепсэлъыхьащ. Ди газетым тридзэ тхыгъэ куэдыкІейм властыр зыкІи къыпэджэжакъым - ищхьэкІэ зыри щыхуейтхъыным. Апхуэдэурэ екІуэкІыну къыщІэкІынт, бюджетыр гугъуехь хэмыхуамэ.

Тельыджэр таможнэм мылъкур зэрыщызэхадыгъэрэкъым, атІэ ядыгъур зыхуэдизу къыщІэщарщ. Комиссэм къихутахэм ятепщІыхьмэ, къэралым фІагъэпщкІу Гъунапкъэм кьызэгрыкІа-зэпрыкІа хьэпэшыпхэм я Іыхьэ тхуанэм хуэдиз - лъэныкъуитІымкІи. Ахэр зэгъэщІылІари электроникэм, унэлъащІэм, щыгъуным, цІыхухэм нэхъыбэу кьаГъэсэбэп нэгъуэщІ хьэпшыпхэм я закъуэкъым. Пошлинэншэу зэпрыкІхэм ящыщщ щыдагъэмрэ газымрэ, дыщэхэкІхэр яхэту щІым кьыщІах кьулеигъэхэр. НэгъуэщІу жьиПэмэ, мы Іуэхум хэпщІауэ щыщІэкІынкІэ Іуэхущ. Президентым и деж кьыщызэрагъэпэщ гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэм хэту тлъагъу цІыхухэри. Хабзэншагъэм тет зегъэкІуэкІэм кьыщІах ахъшэр зыгуэрхэм яІэрохь.

Дэнэ бжыгъэхэр кьыздрахар? Депутатхэм я пІэлъкІэ къэпщытакІуэ ІэщІагъэлІхэм зэрагъэпщащ УФ-м, хамэ къэрал статистикэ Іуэхущ ІанІэхэм къатахэр: Урысейм нэгъуэщІ къэралхэм иригъэшауэ кьабжамрэ адрейхэм ди деж ягъэгъэщауэ кьалъытэр зыхуэдизымрэ. Бжыгъэхэр тельыджащ. «УФ-м хьэпшыпу кьрашэр зыхуэдизымкІэ урысей статистикэмрэ дунейпсо статистикэмрэ кьатахэр процент 20-кІэ е доллар мелард 63-м нэскІэ зэщхьэщокІ. Абы и зэранкІэ налогхэр, пошлинхэр кьызэрыІамылхым кьыхэкІыу, бюджетым фІокІуэд доллар мелард 39-рэ е зы доллары сом 65-рэ и уасэу тепщІыхьмэ, сом триллиони 2,5-рэ» - кьыщыгъэльэгъуащ комиссэм къарузэхэсэмрэ Премьер-министрымрэ яхуигъэхьа тхыгъэм.

Зыми ямыщІэу хэт илъэс къэс сом триллониті къэралым фІэзыдыгъуфынур? Мастэ хуэдэкъым, хэбгъэзыхьмэ, лъэныкъыгъэ ин дыдэ зыбгъэдэпІ «Газпром»-м и хэхъуэхэм я зэхуэдитІым хуэдиз мэхъу. Ауэ Іуэхур зэлъытар таможнэм зэригъакІуэ щІыналъэр зэрыбрагъуэрщ. Ар апхуэдизкІэ гъунапкъэ кІыхьщи, сытри щыпхуэгъэпщкІуфынущ.

Къагъэсэбэп Іэмалхэр

Белджвыль зэрыхъуащи, а ІэнатІэр езым и щхьэм хуоладжьэж, къэралым щыІэ къэрал хуэдэу. Зы гъунапкъэ километрыр зи уасэм теухуа гушыІэ къежьауэ щытащ. Иджы жьиПэ хъунущ къэрал гъунапкъэм и дэтхэнэ километрри щхуху ящауэ. ХэзыщыкІ дэтхэнэми уригъэдІуэфынущ абы теухуа куэдым. Псори зыхуэкІуэжыр къэралыр илъэс Іэджэ хъуауэ щысхьынщэу зэрахъунщэрщ. Языныкъуэ зыхэпшып лІэужьыгъуэхэр ди деж кьашэуи ирашуи къаГъэпэгъуэхэркъым.

ЦІыхухэм нэхъыбэу къаГъэсэбэпыр щыгъэныжьрэ вакъэмрэщ. Дунейпсо сату зэгухьэныгъэм илъэс зыбжанэ ипэкІэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ: абы зригъэщІащ Китаймэ кьикІыу Урысейм щыгъэныж къыІэрыхьэр зыхуэдизыр. Зы илъэсым доллар мелард 6,6-рэ хуэзэу кьыщІэкІащ. Ауэ урысей таможнэм кьитахэм ябгъэ и бжыгъэр доллар мелуан 530-м щІигъуркъым. НэгъуэщІу жьиПэмэ, мелардищ и уасэр щхуху кьэкІуащ.

Куэдым кьамыгъэсэбэп дыхуэхэм я дежкІэ дыІэбэнти. Абыхэм я лъахэр Франджырщ, дэ, азиатхэм, а ІэнатІэм щытщІэн щыІэкъым. Арщхьэкіэ, властхэм зэжьащІэкІэ, Франджым щагъэхьэзыра дыхуэхэр ди деж къэкІуэхэркъым. Левичевыр зи унафэщІ комиссэм къэпщытэныгъэхэр икІэм щынигъэсыкІ ящІащ дыхуэ Полыщэр зэрыдаар. Мыбдежым щэхуакІуэхэр щІэгъэзвэн щыІэкъым: зэрахьуэкІащ дыхуэхэркъым, атІэ тхылъхэрщ.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, нэгъуэщІ къэралхэм къраш зыхьшыпхэр зэщхьэщокІ. Псалъэм и хьэтыркІэ, къулейхэм кьыхэрагъашэкэр. КъулыкъущІэ нэхъыщхьэхэм сыт щыгъуи хабзэм кьыпакІух. Дигу къокІыж зэІущІыІу хьуа къаугъэр. ИльэситІ ипэкІэ МВД-м экономикэ щІэпхьаджагъэхэм пэщІэтыныжмкІэ и кьудамэм и лажьакІуэхэр тезэрыгащ. ХьэрычэтыщІэ щІэрыІуэхэмрэ властыр зыІэщІэльэхэмрэ щызеуэ яхт-клубым. Іуфэм Іуттт сом мелуани 5-м кьыщыщІэдзауэ сом мелуан 300-м нэс зи уасэ яхтэхэмрэ катерхэмрэ. КьызэрыщІэкІамкІэ, а псори, НДС-м ящІэ процент 18-мрэ апхуэдизхэм деж процент 38-рэ хъу таможнэ пошлинэмрэ ямыту, гъунапкъэм кьызэрашат.

Урысей кьулыкъущІэм и нэхэр кьызыхуикІ сыхьэт лъапІэхэм я гугъу тщІынти. Таможнэ тхылъхэм ятепщІыхьмэ, нэгъуэщІ къэралхэм щащІа апхуэдэ хьэпшыпхэр ди деж щащэркъым. Къащэркъым! Ауэ власть зыІэщІэлъхэм, нэгъуэщІхэм я Іэпщэхэм телэкранхэм къащытоцІуэкІ ахъшэшхуэ зи уасэ сыхьэтхэр. Псори гурыІуэгъуэ хъуащ Швейцариемрэ и сату зэгухьэныгъэр зэІи и продукцэр нэхъ куэду зыщІэку къэралитхум Урысейр зэрыхьхьамкІэ зыщІитхъужа иужь. Абы кьызэритамкІэ, ди къэралым кьарагъашэ швейцар сыхьэтхэм я бжыгъэр зы илъэсым мин 300-м щІигъащ, кьыщІах ахъшэр сом меларди 8-м нэсащ. Псори зыгуэрт, мыр Іуэхум хэмылъамэ: таможнэм и тхылъхэм ятепщІыхьмэ, зы илъэсым гъунапкъэм кьызэпрашыр Европэм щащІа сыхьэт мини 7 кьудейщ.

Хэт нэхъ хьэлэл дыдэр?

Левичев Николай и комиссэм таможнэ Іуэхуэхэм хэплъэн щІидза иужь, абы хэтхэм я нэхэр занщІэу хьурей хъуат. Зыми и пщІыхьэпІэ кьыхэхуэртэкъым апхуэдэ хьэдэгъуэдахэ кьекІуэкІыу. Ауэ нэхъ тельыджжэу кьыщІэкІар хэпшып лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэмкІэ щІэ зэщхьэщыкІыныгъэрщ.

Псоми ятекІуащ зыхьэбжафэм кьыхэщІыкІахэр (мехыр). Апхуэдэу ди къэралым кьашамрэ таможнэм кьибжар зыхуэдизымрэ процент 795-кІэ зэщхьэщыкІащ. НэгъуэщІу жьиПэмэ, хуэди 8-кІэ. Мыбдежым къэралым щыфІэкІуэдащ доллар меларди 2,2-рэ.

ЕрысыкъэкІэм ящыщ яПэ ищащ фошыгър. 2013 гъэм ди таможнэм итхащ доллар мелуан 656-рэ и уасэ фошыгъу кьашауэ. Ауэ хамэ къэрал таможнэхэм кьатахэм ятепщІыхьмэ, дэ хъуитхуащщ доллар мелардрэ мелуан 245-рэ и уасэ. Зэрытльэуащ, фэкІэхэр процент 90-кІэ зэщхьэщокІ. ЩыгъэныжмкІэ а бжыгъэр процент 70 мэхъу. Къэралыр хуабжьу къагъапщІэ кьашэ фэмрэ дыщэхэкІхэмрэ зыхуэдизымкІэ - процент 30-м кьыщыщІэдзауэ процент 50-м нэс я зэхуакущ.

Урысейм ирашхэм я гугъу пщІымэ, депутатхэм псом хуэмыдэу тельыджж ящыхъуар гъуэзджэм ехьэлІа хьэпшыпхэм ятеухуа бжыгъэхэр процент 4469-кІэ зэрызэхуэмыхьурщ. Таможнэм щыжаІащ доллар мелуани 4,66-рэ и уасэ зэпрашауэ, ауэ нэгъуэщІ къэралхэм а бжыгъэр доллар мелуан 213-рэ хъууэ кьыщыщІидзащ.

«Дэ кьыдгуроІуэ ахъшэшхуэ дыдэхэр бюджетым зэрымыкІуар. Ахэр зыгуэркъым я жыпхи ихуащ икІи дэ дощІэ ар зи жыпхэр хэтми. Бюджетым егъэщІылІа гуГъуехьэр пенсионер тхьэмыщкІэхэм я хьэкъкІэ зызэринэкІыну къэралыр щыхущІэкъуэ зэманым мыр политикэ Іуэхуу мэув», - жиІащ Къэрал Думэм и депутат Лысаковым.

ГУРДИН Константин.
«Аргументы недели»

● Жэрдэмхэр

БлэкІам и ныбжьыр

Совет лъэхъэнэм дыхьихьэж хуэдэщ УК-м «КъэралымпцІы зэрырилъхьэм папщІэ» статьяр хагъэхьэну къагъэув. Ар Сталиным и зэманым щыІа Уголовнэ Кодексым хэту щыта 58-10-нэ статьям ещхьыркъабзэщ.

«КЪЭРАЛЫМ пцІы зэрырилъхьэм папщІэ» жэуапым ешэлІэн хуейуэ къэзыльытэр депутат-коммунист Соловьёв Вадимщ. Абы тегъэщІапІэ ещІ УФ-м и иджыпрей УК-м и 128.1 статьяр («ПцІы телъхьэн») зыльэІэсыр «ящІэр ящІэжу хъыбарыпцІхэр зыгъэІухэр, нэгъуэщІу жьиПэмэ, цІыхум и пщІэр игъэльагъэхьэу пцІы тезыльхьэхэр зэрыарар - къэралым ехьэлІакъым. Абы къыхэкІыу хамэ щІыналъэ Іэпхъуэну зызыгъэхьэзырэм щІысхьыншэу къэралым пцІы тралъхьэ». Мис а щхьэусыгъуэм и зэранкІэ «арыншами гугъу мы зэманым Урысейр хэутэн ящІ я щхьэ - зыкъыр жэІуурэ».

Апхуэдэу щыщыткІэ, Уголовнэ Кодексым хагъэхьэн хуейщ «ящІэр ящІэжу Урысеймрэ къэрал властымрэ зыгъэпуд хъыбархэр зэбгрезыгъэхэр» жэуапым зэрыращэлІэну статья. Тезыру щытынущ «къару зытекІуадэ лэжьыгъэхэм пІалъэкІэ пэрагъэувэныр е етхьэкъуныр».

«Къэралым пцІы зэрытрилъхьэм папщІэ» гупсысэм гъуэгу игъуэтмэ, абы кьишэнущ цІыхухэр зэхэзехуэн ящІу щІадзэжьныр. Ар ильэІэсыныщ «ополченэм» хэт хуэдэу Украинэм урысей зэуэлІэр зэрыщызауэр е суд унафэм нахуэу оппозиционерыр зэрыхилІыІар, «Урысей зэкъуэтымрэ» партым хэмытхэмрэ я блок мыкъуэжьным хэхьныгъэхэм текІуэныгъэ ин кьыщихьауэ ягъэвру Іэ Іэтым кьрикІуахэр нэмыкІыкІатгъэ хэлъу зэрызэрахьэкІам и Іэужьу зэрыщытыр жызыІэ дэтхэнэми. Апхуэдэ кьащщыщынущ «иужэгъуэ» журналистыр зэрыригъэубэрэжьамкІэ губернаторыр зыгъэкъуаншэми.

Ипэрауэ, апхуэдэ щыІакІэщ. «Советхэм я бий агитацэмрэ пропагандэмрэ» (Совет властыр Іуэльэиин, Іыхьэмыкъ щІын мурадкІэ ирагъэкІуэкІ агитацэр е пропагандэр) кьызэщІэзыубыдэ 70 статьяр. Ар иужькІэ зэрахъуэкІащ «Совет къэралыр, жылагъуэ ухуэкІэр зыгъэикІэ хъыбарыпцІхэр зэбгрезыгъэхэр» 190-1-нэ статьямкІэ. Мис а статьяхэмкІэ ящІыкІэ «ЦІыхубзм я бийхэм», иужькІэ диссидентхэм я суд ящІащ. Иужьрейм-кІэ 1988 гъэм я суд ящІащ «Демократ союз»-м жыдэжру хэтхэм.

ЕтІуанэрауэ, «къэралым пцІы зэрырилъхьэм папщІэ» жэуапым епэшэлІэныр юстицэ и лъэныкъуэкІэ делагъэщ. ПцІы зытралъхьэфынур, зи пщІэмрэ нэмысымрэ хаутэфынур цІыхурщ. Мыр зыкІи къэралым елъытакъым. Къэралым техъуащІыхьым тезыр щытралъхьэфынур тоталитар хабзэр щытепщэрщ.

Ещанэрауэ, гу лъыттэн хуейщ политикэ щхьэусыгъуэхэмкІэ цІыхухэм залымыгъэ кІэлъыззрахьэныр зэрыщІэщыным теухуауэ коммунистхэм кьыхалъхьар а залымыгъэхэр ди тхыдэм и напэкІуэщІ нэхъ фЫщІэ дыдэхэу икІи дыджхэзу зэрыщытар икІи кьытщІэхъуэ щІэблэхэм абы дерс кьыхаухи хуейуэ Путин Владимирщыжи іа зэманым зэзэрихьэлІар. Апхуэдэу кьыхигъэщхьэхукІащ политикэ залымыгъэ зыкІэлъызэрахьаэхэм «ГущІыхьэм и блын» мемориал кьызэрыуэІуахынур.

АтІэ абы къикІрэ Соловьёвым кьихилъхьа жэрдэмщ Думэм щыпхымыкІыну? ЖьиЗэгуейщ. Псом хуэмыдэу нэхъапэм ауан тщІа зэгъэзэхуэжьныгъэ зыкъом хабзэхэм хагъэхьауэ щытлъагъукІэ.

Дауи, нэхъапэм ахэр пхызыгъэкІыр властым и партыр, армыхъумэ, «къэралым и нэмысым» тегузэвыль оппозицэу зызыбжьж партым щыщхэрщым.

ВИШНЕВСКИЙ Борис.
«Новая газета»

● Китай

Зи тхыдэр илъэс мин бжыгъэ хъу Китайр нэгъуэщІхэм сыт и лъэныкъуэкІи емыщхь къэралщ. Ялэрауэ, щыпсэу цІыху бжыгъэм и куэдагъэмкІэ, етІуанэрауэ, лІэщІыгъэу куэдкІэ зэфІэува и щхьэнгэ теІыджкІэ. Уеблэмэ абы щауху унэ дахащэхэр нэгъуэщІ щыналъэ гуэри щыплъагъунукъым.

Дагъыстэным ирегъэблагъэ

● Ди гъунэгъухэм я деж

Хасавюртрэ Кизляррэ хьэгъуэлІыгъуэхэр щрагъэкІыну щыпІэщІэхэр къыщызэІуах. Абы ахэр хуей хъуащ я гъунэгъу Шэшэн Республикэм къыщрагъэжьа хабзэщІэхэр ялъэгъуа нэужь.

МЫБЫ хуит щащІыркъым хьэгъуэлІыгъуэ Іэнэм фадэ кьытрагъэувэжу, торт щаупщІатэу. ГуфІэгъуэр йокІуэкІ нэхъапэм къадэгъуэгурыкІуа хабзэхэм тКІийуэ тету. Ахэр зэрагъэзащІэм кІэльоплъ ресторанхэм хьэгъуэлІыгъуэхэр къыщызэзыгъэпэщэхэр.

Мы Іуэхум ещанэ щІыналъэм и щІыналъэ щыщ Кизляр и администрацэм.

Хьэщ Іэ куэд щыпоплъэ Хасавюрти. Шэшэным и гъунэгъу а къалэм хьэпшыпыфІхэр щащэ бззэрхэр щыкуэдщ. Абы щэхуакІуэ макІуэ хьэгъуэлІыгъуэм зыхуэзыІэхьэзыр-хэри.

Дагъыстэным мы и Іэнатім кризисыр лъэІэсакъым. Мыбдежым хуабжьу щызэпоуэ, ахъшэу щагъэкІри мащІэкъым. Язныкъуэ хьэгъуэлІыгъуэхэм сом мелуаным щІигъу трагъэкІуадэ.

ХьэгъуэлІыгъуэ дахэ ирагъэкІуэкІынкІэ, бгъэдэль мылькур зыхуэдизым емылытауэ, дэтхэнэ дагъыстэн унагъэри хуабжьу зыщІэхъуэпсщ. Мы Іэнатім иджыпсту щолажьэ гуфІэгъуэм егъэщІылІа Іуэхутхъэбзэхэр яхуэзыщІыну хьэзыр фирмэ куэдыкІей. Абыхэм я пщэ далъхьэж ерыскъыхэр кьешэлІэнри, уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэхэр кьегъэблагъэнри. Мэхъэчкъалэ илъэс кьэс щрагъэкІуэкІ Кавказ Ищхъэрэм и хьэгъуэлІыгъуэ ветавкэ щхьэхуэ.

Дагъыстэным и кьалащхьэм и закъуэ цІыху 200-м кьыщыщІэдзауэ миным нэс зыщІэхуэ банкет пэшхэу пщІыхэр щыІэщ, илъэсищІэр къэсыхукІи ахэр кьыплъысынукъым. Бэджэндыр сом мини 150-м кьыщыщІэдзауэ мин 200-м нос. Апхуэдэу Мэхъэчкъалэ щолажьэ хьэгъуэлІыгъуэ фащэхэр пІалъэкІэ зыт Іуэхущ. ЦІыхубзхэр пылъщ. Зы фащэр кьеІыпхыным сом мини 250-м нэс и уасэнкІэ хъунущ, псом хуэмыдэу, ар щІэуэ щытмэ.

ХьэгъуэлІыгъуэ Іуэхухэм ехьэлІа гугъуехьэм хэтыну хуэмейхэм икІиахъшэшхуэ зиІэхэм папщІэ мэплажьэ гуфІэгъуэр и пэм кьыщыщІэдзауэ и кІэн нэсыху езыгъэкІуэкІ фирмэхэр. Абыхэм зы тІысыпІэм хуэзэу сом миным нэблагъэ кьыІах.

АЛИЕВ Тимур.
«Российская газета»

Планэлэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

Зеикъуэ жылэм и тхыдэм теухуа конференц щокIуэкI 2-нэ курыт еджапIэм.

Зыуэщ1, ефIакIуэ, си лъахэ лъапIэ!

Зеикъуэ къуажэр илъэс 400 зэрырикъум теухуа махуэшхэр къызэIухахат 2-нэ курыт еджапIэм щызэхаубла конференцымкIэ. Школым и щыхьэпIэ хуитышхэм дежь къыщызэграгъэпэщат къуажэм къыдэкIа цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа выставкэр. Профессор Шурдым Барэсбий и жэрдэмкIэ ягъэщIэрэщIа блынхэм щыпльагъурт щIэныгъэлIхэу, тхакIуэхэу, егъэджакIуэхэу, артистхэу Зеикъуэ къыдэкIахэм я сурэтхэр, абыхэм я ехъулIэныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэр.

«Зеикъуэ и дыгуасэр, нобэр, пщэдейр» зыфIаща конференцыр къызэIуихащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд. Зэхуэсым и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу абы кIэрIуащ къуажэм и тхыдэм теухуауэ Iуэху еплъыкIэ зэмылIужьыгъуэхэр зэрыщыIэр къэгъэлъэгъуэныр, жылэм и ныбжьым теухуауэ къекIуэкI псалъэмакъэхэм нэхъ тэмэмыр кхыхэкыныр, щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэр абы и тегъэщIапIэу зэрыщытыр кхыхэгъэщыныр.

Конференцым кьрихьэлат къуажэм пщIэ щызиIэ нэхъыжьыфIхэр, жылэм и цIэр зыгъэбжьыфIэ цIыху щыпкъэ куэд. Апхуэдэу кхыдзхуэсахэм Iэгуауэкlэ къраГъэлэгъащ хьэщIэ лъапIэхуэ КъШР-м и Iэтащхьэмра Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщIым и кхуэдзэ Астэжь Франческэ, Къэзанокъуэ Жэбагъы и щIэблэхэм ящыщ, КъШР-м и Парламентым и лIыкIуэ Къзанокъуэ Кърым сымэ.

Тхакlуэ Къэрмокъуэ Хьэмид кхыдзхуэсахэм яжриащ тхыдэм и напэкIуэцIхэр пщыгъупщэ зэрымыкъунур икIи Зеикъуэ и ныбжьым теухуа кхэхутэныгъэхэм кIэщIу тепсэлъыхьащ. Тхыдэдж, профессор Унэж Кашиф кхыдзхуэсахэм ехъуэхъуащ махуэшхуэмкIэ.

- Къуажэм и кьежьапIэр кIыхьщ, и тхыдэр дахэщ. Археологхэм кхыдзэрахутамкIэ, мы щIыпIэхэм илъэс минитху ипэкIэ псэуалъэхэр щыIащ. Дэ, нэхъыжьхэм, тхыдэм теухуауэ тщIэр щIалэгъуалэм ябгъэздэдмылъхьэмэ, адэкIэ тхыдэм кхыпищынужьыкIэ, - жиIащ Унэжым.

Конференциум и кхыдзгъэпэщакIуэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд кхыхигъэщащ къуажэм и дыгуасэри и нобэри зыгъэбжьыфIэхэр, и пщэдейр нэхъыфIыж хъуным зи зэфIэкI хэзылъхьэжэр зэрымымащIэр. Щапхъэ дахэщ щIэныгъэхэм я доктору 20-м щIигъу, кандидату 300-м нэс Зеикъуэ кхыдзрыдэкIар.

- Мы къуажэм щIэныгъэм зезыта куэд кхыдзрыдэкIар псом хуэмыдэу зи фIыщIэхэм ящыщщ егъэджакIуэ гъуэгуанэ Шафий Хьэчим. Абы и гъэсэнкэр цIэрыIуэ хъащ. Зеикъуэ и щIэнгъуэзэ (энциклопедие) кхыдэдгъэкIыну ди мурадщи, абы кхыщыдгъэлъэгъуэнущ абыхэми, Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужьхэми, нэгъуэщI зыхуэфащэ куэдми я цIэкэр, - яжриащ кхыдзхуэсахэм Хьэфыщ1эм.

«Зыуэщ1, ефIакIуэ, си лъахэ лъапIэ!» кхыхуеджэныгъэмкIэ ирагъэжьа махуэшхуэм и конференцым кхыщыпсэльэну гукъыдэж зиIэкэр мащIэтэкхым. Абыхэм ящыщт Шурдым Барэсбий. Зи гупсыси Iэхуэщ1афи и лъэпкъым, и жылэм теухуа щIэныгъэлIым и къэпсэлъэныгъэм кхыззщIиуфыдащ Зеикъуэ зэрыгушхуэ тхыдэри, езым и щIалэгъуэм щыщ гукъэкIыжкэри, кхуажэм и щытыкIэм теухуауэ игу щIэныкъуэкэри. Абы кхыззхуэсахэм фIыщIэ яхуищащ икIи ехъуэхъуащ я лъахэр ягъэбжьыфIэу, Iэхуфлхэр зэдалажьу, я къуажэм и ехъулIэныгъэхэм кхыхагъахъуэу псэункэу.

Купщ1афIэу екIуэкIа конференцым кьрихьэлаxэм Хьэфыщ1э Мухьэмэд фIыщIэ яхуищащ икIи адэкIэ Зеикъуэ и махуэшхуэм хэтыну иригъэблагъащ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

● Тельыджэ

Зеикъуэм и тхыдэр жыжьэ къыщожьэ

АРХЕОЛОГХЭМ Зеикъуэ (Хьэтlохъущ1къуэй Ипщэ) къуажэм деж щIым кхыщыщIахащ жэз хьэпшыпхэмрэ абджыпсым, сердоликым, янтарым кхыхэщIыкIа щыгъэхэмрэ.

- Зеикъуэ кхыщыдгъуэта кхъэлъаxэм и фэеплъхэр зэманкIэ ди эрэм ипэкIэ I - II лlэщIыгъуэхэм хуозэ, апхуэдэуи абыхэм яхэтщ ику ит лlэщIыгъуэм яухуа кхыр мащэкэри. Иужьрейм худоК кхыщIэдгъэщIыжа хьэпшыпхэр: абджыпсымрэ сердоликымрэ кхыхэщIыкIа щыгъэхэр, балтий янтарыр, - жаIэ кхэхутакIуэхэм.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, къагъуэтахэр я щыхьэтщ Бахъсэн ауэым щыпсэухэр сатум я Iуэхуэхэм ефIакIуэ зэрыхэтам. НэгъуэщI жыпIэмэ, Кавказ Ищхъэрэм исахэм сату дащIыфу щытащ Балтий тенджызым Iуэ лъэпкъхэм, абыхэм я янтарыр ди щIыналъэм къашэу.

Зеикъуэ кхыщхьэщыт Хьэрэкъуэрэ блым кхыщIахахэм яхэтщ жэз бгырыпх, цIыхубз уэндэгъуэм тращIыкIа фэеплъ (ари жэзу), жэз мэлыщхъэ цIыкIу 22-рэ зыфIэщIа щыгъэ. Иужьрейм кхъеГъэлъагъуэ пасэрей цIыхухэм я псэущхьэм дин и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ ирату зэрыщытар.

ДРОБОТОВ Алексей.

«Комсомольская правда» газет, 2015 гъэ, жэпуэгъуэм и 20.

Къуэпс быдэ

ЗИ щIыпIэхэр дахащэ, нэри пэри зыхьэху тафэкIэ, губгъуэкIэ, мылыпъкIэ кхулей, уардэу зэфIэт кхыр дакIэ узыIэпызышэхэр щыкуэд Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэщ хабзэ хьэпэмэтхэр кхызыдекIуэкI, зи пщIэмрэ зи нэмысымрэ зыIыгъыж Зеикъуэ (Хьэтlохъущ1къуей Ипщэ) къуажэр. Кхурш зэрамыщIэжхэм я зэхуаку лъащIэхэр кхигъэпсалъэу хъущIэу еукIуриех, Iуащ1хьэмахуэрэ Каспий тенджызымрэ зэпызыщIэ Бахъсэныжь и Iуфэм ар зэрыщытIысрэ илъэс щиплI иригкхуащ. Псы дапщэ екжэа абы пльандэрэ, бжыкI дапщэ якъута, Бахъсэныжь щэхуу здихьар хэт кхыхуэIуэтэщIын?! Арами, а лъэхъэнэ хъыжьэм кхыпхыкIахэм, иригушхуэу нобэ зи цIэр бэм зэIэпах нэхъыжьыфIхэм яГъэхьаxэр зэманым ди деж кхихьэсащ. Адыгэхэм я тхыдэм кхыдэтэджу пIащIыгъуэхэм кхьадекIуэкIа Iуэхугъуэ ин дыдэхэр зеикъуэдэсхэм яфIэлъапIэщ. Сыту яхьпIэмэ, ахэр я жылэм и блэкIам къуэпс быдэкIэ пыщIащ, я нобэм и лъабжьащ, я пщэдейм и джэлэсщ. Аращ а зэман жыжьэм и архъуанэм щхьэмыгъаззу хэта, лъэпкъыр лъэпкъ зыщIа, абы и цIэфI зыгъэIуа нэхъыжьыфIхэм я фэеплъым пщIэ хэха щIыхуащIыр, я щапхъэр гъуазэ щIахуэхъур.

Ди газетым зэрытетащи, я жылэр илъэс щиплI зэрырикъур жэпуэгъуэм и 25-м зеикъуэдэсхэм Iэтауэ яГъэлъэпIащ. Зы унагъуэшхуэу зэхьихьэри, гукхыдэж инрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу я гуфIэгъуэр дахащ, зэкъуэщыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зыгъэбыдэ, зыгъэлъэщ Iуэхугъуэ щхьэпэхэр кхызэрагъэпэщащ. Щэнхабзэмкlэ унэм и пщIантIэ хуитыр махуэшхуэ теплъэкIэ Iутlыжт, Iэгуауэшхуэм щIэту, я зэфIэкIыр утыкум щагъэлъагъуэрт.

Адыгэ ныпыр яIыгъыу лъэпкъ фащэ екIуэкр зыщыгъ я шууейхэмрэ полк ухахъытIыкIэ хэтхэмрэ кхуажэм и уэрам нэхъыщхьэм ирикIуэу зэхуэсахэм кхахьхьэжа нэужь, махуэшхуэм хуагъэхьэзыра нэгуэныжь Iуэхугъуэхэр зэхаублащ. Гуфlэгъуэр даIэтыну кхуажэдэсхэм кхахуеблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Мусуков Алий, Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн, КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкlэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ и комитетым и унафэщI Мэлбахъуэ Борис, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и тхьэмадэм и хуэдэз Астэжь Франческэ, КъШР-м и ЦIыхубз Зэхуэсым Промышленностымкlэ, транспортымкlэ, ухуэныгъэмкlэ, энергетикэмрэ связымкIэ и комитетым и унафэщI Къэзанокъуэ Кърым, республикэм и районхэм я лIыкIуэхэр, жылагъуэ лъапIэхуэхэр, творческэ гупхэр.

- Пщ1э зыхуэтщI ди хьэщIэхэ, къуажэдэсхэ! Нобэ ди махуэ лъапIэщ – тхыдэшхуэ зиIэ, цIыху цIэрыIуэ куэд кхызыдэкIа ди къуажэм и илъэс щиплIыр догъэлъапIэ. Дригушхуэу кхыдоIуэ Хьэтlохъущ1окъуэ пщыхэм я лъэпкъыр кхызытехъуIыкIыжа, Къэбэрдейм и пщы уэлийуэ щыта Хьэтlохъущ1окъуэ, уэзщIакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Iущ Къэзанокъуэ Жабагъы, 1787 - 1791 гъэхэм екIуэкIа Урыс-Тырку зауэм лIыхъужьу хэта, Георгий орденым и еплIанэ нагъыщэр зыхуагъэфэща Хьэтlохъущ1окъуэ Исмел, Георгий жоРым и нагъыщиплIри зрата Джэтау Уэлий, тхьэгурыкIагъуэ, гупсысакIуэщхуэ Бжьыхьэлl Лиуан, нэгъуэщI куэдми я цIэхэр. ЦIыхуиплIым - Бырс Анзор, Щоджэн Тlэлашэ, Къалмыкъ Хьэжмурат, Бгъэжьнокъуэ Хьэчим сымэ я гуащIэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къапэкIуащ. Апхуэдиз ЛIыхъужь зиIэ нэгъуэщI жылагъуэ кхъэгъуэтыгъуейщ. Фашист зэрырпхъуакIуэхэр ди хэкум кхыщыса псэзэпылъхьэпIэ зэманым Къэрмокъуэ Мухьэмэд Мэшыкъуэ и кхуэм колхоз мылъкур ихъуащ, иужькIэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным къарушхуэ иригъэлIащ. «Колхозым и генерал» цIэр абы хуэфащэу зэрихьэрт.

КъуцIхэ КIыщIикъуэ республикэм и Правительствэм и лэжьыгъэр илъэс 15-кIэ ирагъэIащ, и кхуэш Гъумар Бахъсэн районымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз хозяйствэмрэ зэрихьащ, жэмыш пашэ Шурдым Лидэ ди кхуажэм и цIэфIжригъэIащ, «ГращIэдэкIым и ЩIыхь» орденым и нагъыщэ псори кхыхуагъэфэщащ. Къэрмокъуэ Хьэчим КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и тхьэмадэу, Къэрал Думэм и депутату щытащ, Урысей Федерацэм и Къэзыбк палатэм и япэ унафэщIу лэжьащ. НэгъуэщI куэдми щIэрэ щхьэрэ яIэу жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ Iэнатlэхэр ирахьэкIащ, абыхэм я Iуэху пызыщIэхэри машIэкъым. ЩIэныгъэхэм я доктору 23-рэ диIащ. Абыхэм ящыщщ Шурдымкэ Гъэзалий, Барэсбий, Унэж Кашиф, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Щаужэ Iэбубэчий, Мухьэмэд, Гъуклэл Сэкинат, Къэрмокъуэ Ахьмэд, Дыкъынэ Хьэсен, Нэхущ Iэдэм, абы ипхъу Викторие, Сабаншы Хьусен, Къумыкъу Iэуес сымэ. ЩIэныгъэхэм я кандидатхэр 200-м щIегъу. Зеикъуэдэсхэр ину дрогуэхэ ди тхьаIуэ гъэзэжджэхэу Къэрмокъуэхэ Мухьэмэд, Хьэмид, Жылау Нурбий, ЛIыгъуэ Чэрим, Абыт1э Хьэжмурат, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодежь» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Болэт Арсен, Кьардэн Мухьэмэд, журналист Iэзэхэу Дыкъынэ Хьэмид, Шурдым Алихъан, Мыз (Сыжажэ) Мае, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэу Щоджэн Владимир, Хъупсырджэн Албэч, Нэхущ Чэрим, Лосэн Тимур, Согуэ Данил, Щоджэн Ленэ, Щомахуэ Хьэсэнбий сымэ.

Хьэтlохъущ1окъуей Ипщэр республикэм и къуажэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ, цIыху 11430-м щIигъу щопсэу. Курыт школиплIрэ зы интернатрэ диIэщи, егъэджакIуэкIэ ирокIу, спорт пэшхэр мэлажьэ. Езанэ, етIуанэ еджапIэхэм сабий гъэсапIэхэр кхыщызэIутхащ, абыхэм цIыкIу 223-рэ щалыгъуэ. Школ псомИ Интернетыр кхыщагъэсэбэп. Район сымаджэщыр Зеикъуэ дэтщ. Абы щылажьэ цIыху 462-м ящыщу 306-р ди жылэм щыщщ. Амбулаторэр гъуэлъыпIищэм хуэщIащи, махуэм кхриубыдэу цIыху 350-м щакIэлъопльыф. ЩIыналъэ поликлиникэм цIыхуи 151-рэ щолажьэ. Ахэр псори я Iэщ1агъэм хуэIэзэщ, сымаджэхэм яхуэгуапэщ. 2010 гъэм къуажапIщэм щедгъэщIа, бэнэкIэ хуитымкIэ зыгъэсапIэм ныбжьыщIэ бгъущI йокIуалIэ. Апхуэдэу ЩэнхабзэмкIэ унэм кхыбгъурыту нэгъабэ кхызэIутха спорт комплексри сабийхэм я кIуапIэщ, бэнэкIэ хуитымрэ атлетикэ хьэлъэмрэ дихьэхэм зыщагъасэ, къуажапIщэм щауха стадионым зэпеуэхэр щрагъэкIуэкI. Адэ-анэхэр хуабжу хуэарэзыщ тренерхэу Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Сабаншы Iэуес, Мэршэнкъул Мурат, Щомахуэ Анзор сымэ.

Жылэр зэIуэпэщ щыныж, къабзэу зехьэныж гулъытэ хэха худощI. А Iуэхур ди депутатхэм кхызэрагъэпэщ, къуажэдэсхэри хьарзынэу кхыддоIэпкыкъу. ЩIыщIэныгъэхэри дгъэпщкIурхъым. ЩIыпIэ самоуправленэм и советым и сессиехэм абыхэм ткIийуэ дыщытопсэльыхь, псэуныгъэм пыщIа IуэхугъуэхэмкIэ ирагъэкIуэн, ахэр зэрагъэзащIэм дыкIэлъоплъ. Апхуэдэщ цIыхухэр зэфэ псым, щIыпIэхэм я кьабзагъэм, хуэмыщIахэм защIэгъэкуэным, лэжьапIэнэщхэм IэнатIэ кьахуддэныным теухуахэр, нэгъуэщIхэри. ЩхьэхуэУ кхыхэзгъэщыну сыхуейт зеикъуэдэсхэр зэрызэдэIэпыкъур, жылэм ифI зэрызэрахуэр, гууз-лыуз зэралэр, ипэкIэ зэрыплъэр. А нэщэнэфIхэр илъэс щиплI хъуауэ ди нэхъыжьхэм кьадокIуэкIри, Тхьэм дригъэфIакIуэ, ди гъащIэр мамыру, дызэхуэузынышэу адэкIи зыдигъэузэщI, - кхыхигъэщащ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэм и кхуэдэз Хьэцыкlу Заур махуэшхуэ зэIущIэр кхыщызэIуихьым икIи япэ псалъэр Мусуков Алий лъиГъэсащ.

- ПщIэ зыхуащI зеикъуэдэсхэ, хьэщIэ лъапIэхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я щIэкIэ республикэм дежьэ мыхьэнэшхуэ зиIэ нобэрей гуфIэгъуэ Iуэхугъуэм хэт псомИ сэлам гуапэ фызох, Зеикъуэ къуажэр илъэс щиплI зэрырикъумкIэ сыныбохъуэхъу. Фи жылэм и тхыдэ хьэлэмэтыр зэман жыжьэм кхуэпс быдэкIэ зэрыпыщIар мы зэхьихьэм кхъегъэльагъуэ. ЕпщыкIуIанэ лэщIыгъуэм и пэщIэдзэ лъандэрэ фи адэжьхэр мы щIыпIэм щыпсэуащ. Абыхэм къадекIуэкIа, ди нобэм къахьэса хабзэхэм къатепщIыкIыжа фи лъахэгъуэм ину фригушхуэ хъунущ. Апхуэдэщ тхакIуэ, щIэныгъэлI, артист, спортсмен щIэрыIуэхэр, кхэрал лэжьакIуэхэр. Нобэрей фи щIэблэр абыхэм я щапхъэм зэрытетыр, а хабзэ гъуэзэджэхэр зэрахьумэр, зэрагъэбагъуэр гуапэщ. Кхэрал дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэща лэжьакIуэжьхэр фи мащIэкъым. КъищынэмыщIауэ, нобэрей гуфIэгъуэ махуэм екъуалIэныгъэщIэкIэ фрохьэлIэри, дляпэкIи зывузэщIыну, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я Iэнатlэхэм зэфIэкI къыщывгъэльэгъуэну, фи унагъуэм, республикэм, ди Урысей къэралыгъуэм я сэбэп зыхэлъ Iуэхуфlхэр кхывэхъулIэну си гуапэщ, пщIэ зыхуащI зеикъуэдэсхэ! - захуигъэзащ премьер-министрым зэхуэсахэм.

Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн кьигъэлъэгъуащ хабзэшхуэ кхызыдекIуэкI Зеикъуэ къуажэм республикэм и зыужьныгъэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIар, Iуэхуфl куэдым я зэхэублакIуэу, я пхыгъэкIакIуэу зэрыщытар.

Мы жылэм и тхыдэр IуэхугъуэшхуэхэмкIэ гъэнщIащ. Абы и щыхьэтщ лIэщIыгъуэхэм ди деж кхъахьэса хьыбар уахътыншэхэр. Нэхъыжьхэм я щапхъэхэр я гуаузэу зеикъуэдэсхэм гъуэгуанэ кIыхь къакIуащ, я цIэфI жрагъэIэу ди нобэм къэсащ, я гуащIэ хэзлэлымрэ я лIыгъэмрэ хуэфащэ пщIэ кьапэкIуащ. ЦIыху Iущ куэд кхыдэкIащ Зеикъуэм, къулыкъушхуэ зезыхьаxэр, лъэпкъымрэ хэкумрэ я кхэмыпэнджэжу хуэлэжьаxэр машIэкъым. Абыхэми ину фригушхуэ хъунущ.

Зытес щыкIи, щыпсэу цIыху бжыгъэкIи Зеикъуэр Бахъсэн щIыналъэм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщщ, кIуэ пэтми зеужь. Фи щIэблэр я Iуэхум жыджэру хэтщи, адэкIи фехъулIэну ди гуапэщ. Жылэм щыщ дэтхэнэми фи гуфIэгъуэмкIэ иджыри зэ сыныбохъуэхъу, нобэрей махуэм Тхьэм фIы кхытхудигъакIуэ, - яхуэгуэпащ Сыжажэ Хьэсэн хэгъэрейхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэзыбзыху Iуэхущ1апIэм и лIыкIуэ Мэлбахъуэ Борис республикэм и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ и хъуэхъумкIэ зеикъуэдэсхэм захуигъэзащ:

Ныбжьэгъу лъапIэхэ! КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я щIэкIэ, апхуэдэу сэ кхызбгъэдэкIыу фи юбилеймкIэ - Зеикъуэ къуажэр илъэс щиплI зэрырикъумкIэ - сныныбохъуэхъу. Зи хабзэмрэ зи щхьэмрэ пщIэ хуэзыщIыжу фи жылэм дэс лъэпкъ псоми нобэ я гуфIэгъуэщ. Зеикъуэр зызыужьа жылагъуэщ - унагъуэхэм газыр яIэщ, куэд еджапIэхэр, сабий гъэсапIэхэр, сымаджэщ екIу, поликлиникэ, амбулаторэ дэтщ, псори Iэщ1агъэлI Iэзэхэмкlэ ирокIу, кхуажэдэс хьэрычэтыщIэхэм щIыр зэрахьэ. Ветеранхэм пщIэ щыхуащI, ныбжьыщIэхэм гупльэтэ щагъуэт. Езы кхуажэм щIыху гъуэзэджэ куэд кхыдэкIащ. ЗэуапIэ губгъуэм лIыгъэ щызэзыхьахэм, лэжьыгъэшхуэ кхъезыхьэлIахэм, литературэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я Iэнатlэхэм зэфIэкI щызиIэхэм Зеикъуэм и цIэр жыжьэ щагъэIуащ. Ди щIыхьэм фызэрыхуэпэжым, гъащIэм фызэрыщыжыдэжрым, зыгъэщIыныгъэм фызэрыхущIэкъум пащIэ, фIыщIэ фхудущI. ЗэвгъэхъулIакIэр хъуэмэным, гъэбгъэуным, нэхъыбжьым фыхунэсыным фи юбилейр щIэдзапIэщIэ хурыерехъу. Фэри, фи Iыхьлыхэми насып, узынщагъэ, зэIуэпэщыгъэ фиIэну ди гуапэщ, - щыжеIэ Парламентым и УнафэщIым и хъуэхъум.

Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и тхьэмадэм и хуэдэз Астэжь Франческэ зэхуэсахэм фIэхъускIэ захуигъаззри, республикэм и унафэщIым и хъуэхъум къеджащ.

ПщIэ зыхуащI зеикъуэдэсхэ! Фи къуажэр илъэс щиплI зэрырикъумкIэ си гуп къыбгъэдэкIыу сныныбохъуэхъу. И адэжь лъахэр хэт и дежкIи лъапIэщ. Абы къару къыпхелъхэ, гухэхъуэ -къует, егъэгушхуэ, узэщIелэтэ, сабиигъэмрэ щIалэгъуэмрэ я илъэсхэр IэфIу екъуэмэ. Фи жылэм и цIыху гъуэзэджэхэм я гъащIэр, я Iуэхущlафэр республикэмрэ къэралымрэ я блэкIам, я нобэм быдэу пыщIащ. Пэжьыгъэм и Пlыхьэжьхэр, еджагъэшхуэхэр, щIыхь зиIэ дохутырхэр, егъэджакIуэхэр, тхакIуэхэр, гъэсакIуэхэр фи кудщ. Тхьдэм, гъащIэдэкIым, щэнхабзэм я хабзэфIэкIуэ фхыуэпэжу къуажэр зывохьэ, ивогъэфIакIуэ, зывогъэузэщI. Фи нэхъыжьхэм фIыщIэ хэха яхуэфащэщ. Ахэр фи щIэблэм я гъуазэщ. Абыхэм я щапхъэм фи хабзэ дахэхэр яхъумэ икIи ягъэбыдэ. Къуажэдэс псоми мамыр гъащIэ, узынщагъэ быдэ, зэIуэпэщыгъэ, екъулIэныгъэщIэ фиIэну си гуапэщ.

Астэжь Франческэ Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэм кхыбгъэдэкIыу компьютер техникэ кхуажэ иГъэнэхъ тыгъэ кхахуищIащ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Сурэтхэр **Iэхъуэбэч Хьэзрэиил** *трихащ.*

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий и псалъэ.

КъШР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Астэжь Франческэрэ КъШР-м и Цыхубэ Зэхуэсым и комитетым и унафэщI Къэзанокъуэ Къырымрэ.

Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и тхьэмадэ Сыжажэ Хьэсэн къопсалъэ.

Къуэпс быдэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.).

Апхуэдэу КъШР-м и Цыхубэ Зэхуэсым и комитетым и унафэщI Къэзанокъуэ Кърым республикэм и Парламентым и тхьэмадэ Иванов Александр и хъуэхъум кьеджащ:

- Тхыдэ пщалъэкIэ къапщтэмэ, илъэс щиплIыр ныбжь хъарзынэщ. А зэманым кьриубыдэу Зеикъуэм гъуэгуанэшхуэ къыкIуащ, абы и щIыхьыр зыхъума, и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа цIыху гъуэзэджэ куэд къыдэкIащ. Нэхъыжьхъэм къадекIуэкIа, ди нобэм къахьэса хабзэ хьэлэмэтхэр хуэсакъыу щIэблэм зэрахъумэнур, я щIыналъэмрэ Урысейм я зыужьыныгъэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIнур ди фIэщ мэхъу. Нобэрей фи гуфIэгъуэм зыдэвуэзащIыну, IуэхугъуэфIхэм фытригъэгушхуэну, фи жыджэрагъым хигъахъуэну дынывохъуэхъу, - итщ абы.

КъШР-м и Парламентым и депутатхэм къуажэ администрацэм компьютер техникэ тыгъэ хъыхуащIащ.

Зеикъуэм и гъунапкъэр зыпхьэ щIыналъэм и лIыкIуэхэри махуэшхуэм къахуеблэгъат - Iуащхьэмахуэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Азубэч МуIэед, Гундэлэн, Пэшкiытlэ къуажэхэм я унафэщIхэу Текуев Къамбулэт, Малкаров Елдар сыМэ. Азубэч МуIэед зэхуэсахэм къахуеджащ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и администрацэм и тхьэмадэ Уянаев Казым и хъуэхъум.

«ПщIэ зыхуащI зеикъуэдэхэ! Фи махуэшхуэмкIэ - фи жылэр илъэс щиплI зэрырикъуркIэ - си гум кьыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу. Зеикъуэр тхыдэшхуэ зиIэ, хабзэ хьэлэмэтхэр зыдэлъ къуажащ. Жылэр зэрыгIысрэ зэхъуэкIыныгъэ куэд къэхъуами, адэжь лъэхэм хувиIэ лъагъэныгъэр зымащIэкIи къэтIэсхъакъым. Нобэрей Зеикъуэр цIыхухэр, лъэпкъхэр зэзышалIэ, къуэпсхэр щIэзэрыубыд лъапсэщ. Фи цIыхухэр жыджэрщ, фIэщхъуныгъэ яхэлъщ, ягурэ я псэри лэжьыгъэм етауэ гъащIэм и узэрыпIэм хэтщи, адэкIи фефIэкIуэну, зывужьыну, фи мурадкъэ фалъэIэсыну си гуапэщ».

Зеикъуэдэс Сыжажэ Хьэсэн утыкум къриха хьыбарым зеикъуэдэсхэр IэгуауэшхуэкIэ Iущ1ащ. Абы къуажэ администрацэм и лIыкIуэм Iэщ1илъхьащ и лъпкъым и мылькукIэ яуха мэжджыным и тхылъхэр.

Хьэхъуэхэр зэфIэкIа нэужь, зэхуэсышхуэр къафэкIэ ирашажьэри, нэгузыужь Iуэхугъуэхэм щIадзащ. Къуажэдэс ныбжьыщIэхэм концерт кущIафIэ ягъэхьэзырри, ахэр чэзууэ утыкум ирашащ. Езы цIыкIуэхэми яфIэщIэщыгъуэу, яфIэфI дыдэу сценэр ягъэбжьыфIащ, хэкум, лъэпкъым, цIыхугъэм, гуапагъэм ятеухуа усэхэм кьеджащ, уэрэдэр жаIащ, кьафэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэзэщIащ. Спортсмен ныбжьыщIэхэри хуэмыхуакъым - бэнэкIэ хуитымкIэ, футболымкIэ зэпеуащ, нэхъыжьыIуэхэр Iэпщ1ункIэ зэпекъуащ, гырэ къэIэтыным я зэфIэкI щеплъыжащ, шыгъажэ ирагъэкIуэкIащ.

Дахагъэм хуэгъэпса Iуэхум цIыхухэр гуапэу, дэрэжагъуэ яIэу Iуощ1э. Жэпуэгъуэм и 25-м ар ди нэгу щIэкIащ. Зэщ1экъуауэ ягъэува пщыIэхэм цIыхухэр уэру щIэзэблэкIырт, хьэщIэхэр щрагъэблагъэрт. ЕкIуу зэлъыIуха лъэпкъ пщIантIэхэр пасэрей хьэпшыпхэмкIэ гъэщIэрэщIат. Абыхэм щIыпIлъагъунут нэхъапэм кьагъэсэбэпу щыта шыуанэхэр, гуэгуанэхэр, Iэнэ лъакъуищхэр, парыIабзэхэр, дзасэхэр, пхъэ уадэхэр, бэлагъэхэр, гухъухэр, шыгунхэр, пхъэ Iэнлъэхэр, етухэр, убалъэхэр, нэгъуэщIхэри. Лъэпкъ шхыныгъуэхэри куэду щIэзэрахьэрт. ЛыцIыкIулыбжьэм, джэдлыбжьэм, зэтеуп1эщIыкIым, чыржьным, дэлэным, жэмыкъуэм, кхъуейжьапхъэм, дзажэ гъэжьам, лы гъэвам, жэрумэм, пIастэм Iэнэхэр кьажьутэрт. Зэпеуэу ягъэщIэрэщIа фIэкIа умыщIэну пщыIэхэр теплъафIэт, я лэгъупIэмпIэхэр зэфIэдзат. ГъукIэлIхэ, Кэцыбейхэ, Iэпщ1эхэ, Ашэбокъуэхэ, Хъэвцыкiухэ, БжьыхьэлIхэ, Сэбаншыхэ, Жэмыхъуэхэ, Къалмыкъхэ, Щомахуэхэ, ШыкIэбахъуэхэ, Мэжджыхьхэ, Джэдгъэфхэ, Дыкъынэхэ, Къасхъулхэ, Шыгъушэхэ, Къущхьэхэ, Джэгуэ, Щауэхэ, Хьэмырэзэхэ, Абыт1эхэ, Быхъурэхэ, Кьардэнхэ, Бейтыгъуэнхэ, Мэршэнкъулхэ, Къумыкъуэхэ, Къэрмокъуэхэ, Нэхущхэ, Къуэдзокъуэхэ, Къулийхэ, Тенджызхэ, ХьацIыкIуэхэ, Лосэнхэ, Унэжхэ, Сыжажхэхэ, Токъмакъэ я пщыIэхэр нэр ягъэгуфIэу зэдекIуэкIырт, хьэблэ зэхуеблагъэ щIыкIуэ лIыкIуэкIэ зэкIэлъихьэрт. Я лъэпкъ пщIантIэм дэ зыщIыхуэдгъэзащ Зеикъуэ я къуажэ администрацэм деж щIиэ жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэршэнкъул Хьэсэнбий. Я гуфIэгъуэм и мыхьэнэм, ар къызэрыщIхъум теухуауэ абы къыджиIащ:

- Мы зэхьыхьшхэм ди щхьэр лъагэу дитъэлъагъуажащ. Ди япэ итахэм яхуэзфIэкIам, абыхэм кьытхуагъэна щIэин лъапIэхэм ину дрогушхуэ. Цыху Iущхэт, жыжьэ плъэхэрт, я щIыналъэмрэ я пщIэмрэ яхуэмэжьин щхьэкIэ, я псэ еблэжьнутэкъым. Лъэпкъ хабзэфIэхэмрэ Iуэху зехьэкIэхэмрэ пIощIыгъуэкIэрэ ягъэпсри, ди нобэм кьахьэсащ. Ахэр псори ди зэхуэдэ лъапIэныгъэщи, дыхуэсакъыу зетхьэну, зэIэпытхыну, щIэблэр щIэтпIыкIыну ди боршщ. Илъэс щиплIыр ныбжь хъарзынэщ, ди блэкIам, ди тхыдэм и къулеигъэщ. Мы зэхьыхь щхьэпэр кьыдэзыхахэм, кьыззэгъэпэщащэм фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ. Сыту жыпIэмэ, ар ипэкIэ узыгъапIэ, мурадыфIхэм утезыгъэгушхуэ Iуэхугъэщ, ди щIэблэм я дежкIэ дерс гъуэзэджэщ. Гукъыдэжрэ дэрэжгъуэрэ диIэу дыззэхьхьащи, махуэ угъурлы Тхъэм тхуищI.

Пщы1э пщIантIэхэм щагъэуват я цIыху цIэрыIуэхэм я сурэтхэр щызэхуэкъуа стендхэр. Абыхэм яуэзэфIэкIамрэ зрагъэхъуIамрэ зэпадзыжу зэхуаIуатэрт, Iэнэхэм хъуэхъу кIыхьхэр щызэIэпахырт.

- Нобэрей гъащIэм, щыIэкIэ-щытыкIэм къуэпс куэду зэхуэхуэна Iуэхугъуэхэр щытепщэщ. ИкIи, шэч хэмылъу, ахэр зэхьэIари, япэ игъэщIапхъэри ди пщэдейрщ. Абы зэпымыууэ дегупсысыпхъэщ. Сыт хуэдэ Iуэхурэ зыгъэкIуатэр зэкъуэтыныгъэрщ. Зеикъуэр къуажэшхуэщ, лъэпкъ куэд щопсэу. ФIыкIэ дакъыхэщу дэри абыхэм дакъыдокIуэкI. Нобэ дыщIызэхьхьар ди жылэм и илъэс щиплIыр дгъэлъэпIэну, ди япэ итахэр дигу кьэдгъэкIыжыну араущи, ди адажьхэм дахуэфащэу Тхъэм дыкъыщIигъэкI, - кьыхигъэщIат Щауэхэ я пщыIэм и тхьэмадэ Мэрем.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ блэкIа зэманыр IуэхугъуэшхуэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. 1936 гъэм фокIадэм и 20-м яутIыпщ Бахъсэн ГЭС-м республикэм и гидроэнергетикэм и тхыдэм увыпIэ хэха щеубыд. Гидротехникэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр щрагъэкIуэкIар Зеикъуэщ. Станцыр ухуэным пыщIа сыт хуэдэ Iуэхуми кьуажэм щыпсэухэр жыджэру хэтащ, Тырныауз бгы-металлург комбинатыр зэтегъэувэным я гуащIэшхуэ халъхьащ. А лэжьыгъэ абрагъуэкIэ кьезыхьэлIа я нэхъыжьхэр иригушхуэу ягу кьагъэкIыжырт.

- Мыр кьызэрыгуэкI зэхуэсэ кьудейкъым, атIэ гъащIэм кьыпезыгъащIэщ, щIэблэм дежкIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Мыпхуэдэу зэуIу дыщыхъуакIэ, унагъуэ кьалэнхэми дебгъэпсэлъыхь. ЩIэблэм кьищтэ хьэлыр махуэ къэс и нэгу щIэкIэрщ. Дапщэщи хуэдэу, ди быным и Iуэхум унагъуэм дыщебгъэгугъу. Абы ди лъэпкъым и пщIэр нэхъри кьиIэтынущ, зыдэдузэщIынущ, ди япэ итахэм яхуэфащэ щIэблэ дгъэутынущ, - кьыхигъэбелджылыкIырт Хьэмырзэхэ я нэхъыжьу зэхуэсышхуэм хэта Сэрэбий.

Зеикъуэ щыщ уэрэдыр щIэрыIуэ Щомахуэ Хьэсэнбий гъуэзджэр зи Iэпэгъу, зи гур абы хуитхъэщIыкIа цIыху гумызагъэщ. ГуфIэгъуэ махуэр щIэщIыгъуэу кьызэгъэпэщыным жыджэру хэлIыкIыхьам и мызакъуэу, адыгэ уэрэдыжьхэм Iуэхуэзэу республикэм исхэр зэщIигъэуIуэри, я Iуэхум кьыхишащ, я къуажэгъуэхэмрэ хьэщIэхэмрэ я гукъыдэжкIэ кьригъэIэтащ.

- Мыпхуэдэ зэхьыхьэхэм деж уэрэдыжьхэм я мыхьэнэм куэдкIэ хохъуэ, цIыхухэм я гупсысэхэр нэхъ жан, нэхъ куу мэхъу, фIымрэ гуапагъэмрэ ди гур яяуопабгъэ, ди псэр щабагъэм хуэзIудох. Мы Iуэхур кьэзэретхьэжьэ лъандэрэ а псор нэхъ уэру кьытпкърыхьэу кьыIсфIощI. Сыту жыпIэмэ, нобэрей махуэм зэхэщIыкI лъагэм ухуреджэ, фIэщхъуныгъэ кьыпхелъхьэ, пщIэм, нэмысым хегъахъуэ, узэкъуегъэувэ.

Ди нэгу зэрыщIэкIащи, ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр гухэхъуэу утыкум щагъэпэгъуащ. АбыкIэ кьыхэзгъэщыну сызыхуейр кьуажэ администрацэр, ЩэнхабзэмкIэ унэр, музыкэмкIэ еджапIэр зэуIуу, зэдзэпкъуу зэрызэдэлажьэрщ. Школхэри лъэныкъуэкIэ щытхъым. Нобэрей нэгузыужь Iуэхугъуэхэм гъэхьэзырыным Хьаруушхуэ ирахьэлIащ ЩэнхабзэмкIэ унэм и художественнэ унафэщI Къулий Маринэ, къэфакIуэ цIыкIухэр зыгъасэ Шыгъушэ Марьянэ, музыкэмкIэ еджапIэм и директор Жылау Арсен, пшыналъэ Iэзэ Лосэн Тимур сыМэ. Ди гуфIэгъуэр мамыр гъащIэм, зэIуэпсэукIэм я лъабжьэр зыгъэбыдэ, блэкIамрэ кьэкIуэнымрэ зэпызыщIэ лъапIэныгъэщи, тхуалэт хъуэхъухэр Тхьэм кьытлъигъэс, - кьыхигъэщащ гушхуэу Хьэсэнбий.

ПшапэхуегъэзэкIэм ирихьэлIэу а махуэм екIуэкIа спорт зэпеуэхэм къарикIуахэр зэхалъхьэжащ. Ялэу утыкум кьрашащ шыгъажэм щытекIуахэр. Къуажэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ ХьэцIыкIу Заур щIыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ абыхэм яритыжащ.

Пщы1ыкI Азэмэт, Бырс Музэр, Шыгъушэ Азэмэт сымэ хьэрыпл шы лъэпкъ кьабзэжэ я зэпеуэм япэ увыпIищыр щызэдгъэшащ. Адрей кьекIуэкIыкъагъэщIэхъуакъым. ФIыщIэрэ щытхъурэ яхуэфащэщ уэрэджыIакIуэхэу, пшынауэхэу, утыкур зыгъэдзэхахэу Тхьэгъэлэдж Светланэ, Сокъур Ольгэ, Асльэн Iэсиет, Хьэкъуе Оксанэ, Цокlил Азэмэт, Лий Аслъэн, Пащ1э Алим, Мэрем Гоокъан, Мэремыкъуэ Резуан, Гуэнгъэпщ Артур, Дзэгъащтэ Азэмэт, Уэрокъуэ Чэрим, ЩоджэнцыкIу Аслъэн, Быщэкl Артур, Дэгу Каринэ, Зэкlуреи Азэмэт, Хъыжьрокъуэ Руслан, Соблир Азэмэт, Унэж Асльэн, Хьэмырзэ Азэмэт сымэ; «Кабардинка», «Бзэрабзэ» ансамблхэм, Лий Иринэ и гъэсэнхэу «Ридадз» сабий кьэфакIуэ гупым. КьыхэгъэщIыпхъэщ мы махуэшхуэр кьыддэзыIэта артистхэр пщIэнэзу кьызэрытхуеблэгъар.

Сыт и лъэныкъуэкIи и чэнджэщ кьытхилъхьэу, тегъэщIапIэ тхуэхьу ди нэхъыжь ахъырзэман ХьэфIыцIэ Мухьэмэд псом хуэмыдэу хэлэжьыхьащ махуэшхуэр зыгъэпэщIащ. Апхуэдэу хэт чэнджэщкIэ, хэти мылькукIэ кьыдгъэувахэри мащIэкъым, абыхэми фIыщIэ ин яхуэфащэщ. Махуэшхуэр кьызэгъэпэщыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ, IэкIуэлъакIуэу ирагъэкIуэкIащ Хьэмырзэ Ахьмэд, Щомахуэ Хьэсэнбий, Къулий Маринэ, Табищ Мурат сымэ.

Сыхьэт 22-м хьэрэкIытIэхэр екIуу дэдгъэлъэтейри цIыхур зэбгрыкIыжащ, я гум Iэфl илъ, я нэгу щIэкIар ягъэщIагъуэу. Ди гум итлъхьар кьыдэхъулIауэ солъытэ, абы дрогуфIэ зэрэр.

КЪЭРЭНАШЭ Мадинэ.

ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм щыщ тхьэмадэ Джэдгъэф Хъусенрэ уэрэдус Щомахуэ Хьэсэнбийрэ.

ЩыIэкъым щIыпIэ уэ пхуэзгъэдэну...

«Дэнэ жылагъуи сыдэмыхьамэ,
Сыт хуэдэ фIыгъуи щызмыльэгъуами
ЩыIэкъым щIыпIэ уэ пхуэзгъэдэну
Зеикъуэ къуажэм сыт сэ пэщIыну!»

МЫ ПСАЛЪЭХЭР зыщIэлъ и уэрэд дахэмкIэ артист ныбжьыщIэ Хъэмырзэ Азэмэт къызэIуихащ Зеикъуэ къуажэ и махуэшхуэ пшыхьыр. Жылэу зэрыгIысрэ илъэс 400 зэрырикъур щагъэлъапIэ махуэр зэрекIуэкIа щIыкIэм и гугъу къытхуищIыжащ а къуажэм къыдэкIа пшынауэ, уэрэджыIакIуэ Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Ингушэ республикэхэм щIыхь зиIэ я артист Лосэн Тимур.

Махуэшхуэм и дауэдапщэхэм я зы Iыхьэт «ХьэтIохъущыкъуей щIэблэ» зыфIэтща концертыр. «НэхъыжьхьфI зыдэс къуажэм нэхъыщIэфи щыIэн хуейщ», - жаIэ. Абы дегупсысри, ди щIэблэр дгъэлъэпIэн мурадкIэ, абыхэм я зэфIэкIыр къэдгъэлъэгъуэн папщIэ концерт программэ щхьэхуэкIэ ахэр утыку къитащ. Мы программэр зи пщэ илъар илъэс куэд щIауэ сабийхэм ядэлажьэ Жылау Арсенщ. И анэр дунейм зэрехьэкр куэд мыщIами, абы жэуапIыныгъэшхуэ зэрыхэлъыр кьиригъэлъагъуэу, и гъэсэн цIыкIуэр хуигъэхьэзыращ махуэшхуэм икIи дахэу, гушхуэуэ зыкъагъэлъэгъуащ.

Ди мурадкъэ кьуажэ гъунэгъуэхэм кьыщащIэм, ди гуапэ зэрыхъунщи, ахэри кьэлъэIуащ я уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ ныбжьыщIэ цIыкIуэр ди утыку кьидгъэхьэну. ФIыщIэ ин яхудощI кьуажэ гъунэгъуэхэм кьикIыу ди гуфIэгъуэр кьыддэзыIыгъа, кьыддэзыгъэлъэпIа сабийхэм, абыхэм я адэ-анэхэм, я гъэсакIуэхэм. Я щIэ кьисIуэну сыхуейщ абыхэм: кьуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и кьэфакIуэ гупым, Жылау Арсен зи унафащI сабий музыкэ школым, Бахъсэн Щэнхабзэмкlэ и унэм и кьэфакIуэ гупым, Зеикъуэ дэт школипIми я егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIуэхэмрэ.

Сыхьэтитlкlэ сабий концертым еплъа кьуажэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ зэбгрыкIри, жылэм щыпсэу лъэпкъ 38-м абдежым кьыщызэрагъэпэща пщыIэ-хьэщIэщхэр зрагъэлъэгъуащ. Абыхэми зэIущIэ гъэщIэгъэнхэр щекIуэкIащ. Зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу ящыхьащ Пащащ «Адыгэ цIыхубэ уэрэдыжь» концертымкIэ. Къызэхуэса псоми гукъинэж ящыхьащ Хьаримэхьблэ кьикIа Апыч Iэниуас, «Кавказ» цIыхубэ ансамблым и уэрэджыIакIуэхэу БатIитIэ Мухьэмэд, Къущхьэ Заур сымэ, уэрэдус Щомахуэ Хьэсэнбий, Мулай Алихьан, Блашэ Владимир, Щоджэн Таймураз, Тупцокъуэ Толэ, Мамрэш Аслъэн, Джэдмыых Мухьэмэд, Шорэ Iэдэм, Шыкlэбахъуэ Исльам сымэ я тхыдэ итыкIар. Сыхьэтитlым нэблагъэкIэ екIуэкIа концертым гъыбзэкэри лIыхъжь уэрэдэри щыжаIащ.

Зи гугъу сщIа Iуэхугъуэр щекIуэкI зэманым техуэу шыгъажэ, спорт зэпеуэхэри щыIащ. Дэ дыхущIэкъуащ ди щIалэгъуалэр мызэщу, нэгузыужьу зыхэтын зэхэзэхуэхэр кьызэдгъэпэщыным икIи кьыдэхъулIауэ си гугъущ. Зэпеуэхэм щытекIуахэр пщыхьэщхьэ концертым и пэ кьихуэу дгъэлъэпIащ. Шыгъажэм, футболым щытекIуахэм, бэнакIуэ я нэхъ лъащхэм, хьэлъэ къэзыIэтхэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ, игъэгушхуащ Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат.

Махуэшхуэр зэхуэтщIыжащ сыхьэтиплIым нэблагъэкIэ екIуэкIа концерткIэ. Мыбдежым кьыхэзгъэщIапхъэщ зы Iуэхугъуэ. Пшыналъэм, щэнхабзэм екъэлIа Iуэхугъуэхэр си пщэ кьыдалъхьати, ди республикэм и артистхэм захуэзгъэзащ махуэшхуэр кьыддалыгъыну икIи, сыгъуэхэм адыгэшхэр кьыщагъэжащ. Бырс Мусэ, Тэмазэ Iэдэм, Тхьэгъэлэдж Олег сымэ абыхэм бжьыпэр щаубыдащ. Тэмазэ Муратз, Мыд Iэниуар, Тэмазэ Муратз (къекIуэкIыгъуитIым хэтащ) етIуанэу, Токъмакъ Заур, Сабанчиев Iэниуар, Тау Алий ещанэу къэсащ.

Хэку зауэшхуэм и ветеран БатIитIэ Сыхьэтджэрий и къуэрылъху Алим и адэшхуэм и цIэкIэ приз щхьэхуэ игъэджэгуащ. Ар Шыгъушэ Мухьэмэд къихьащ. КъэрмокъуэИслъам етIуанэу, Гъукlэ Рустам ещанэу къэкIуащ.

Шыгъажэм и къызэгъэпэщакIуэ нэхъыжьыи и судьищIэуи щытар а Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI Шыгъушэ Iэубэчыр Хьэсэн и къуэрщ.

Килограмм 65-рэ, 80 хьуэхр, абы щIигъуэкIэ Iэпщэкlэ зэпекъуащ. Я хьэлъагъ елъытауэ увыпIэ нэхъыщхьэхэр къахьащ Къуэдзокъуэ Анзор, Къуэдзокъуэ Мурат, Шыхьэдзахъуэ Азэмэт, Къарэнашэ Алим, Абыт1э Азрэт, Сыжажэ Асльэн, Нэхущ Астемир, Абыт1э Мурат, Къальмыкъ Астемир сымэ. Гырэ къэзыIэтахэри а хьэлъагъэм щызэпеуащ. Абыхэм бжьыпэр щаубыдащ КъумыкъуИслъам, Хьэмырзэ Мухьэмэд, Жэмыхъуэ Мурат, Шыхьэдзахъуэ Тимур, Кэцыбей Ахьмэд, Къуэдзокъуэ Сосрэн, Шыгъушэ Адмир, ШыгъушэИслъамрэ Быхъурэ Iэмырбийрэ.

Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Къэнэмэт Рустамрэ ХьэцIыкIу Заурэрэ текIуахэм щIыхь тхылъхэр яритажащ.

Къуажэм и курыт еджапIэхэм футболымкIэ я зэпеуэм еплIанэ школым и командэр щытекIуащ. Ещанэ еджапIэм и футболистхэм етIуанэ увыпIэр къахьащ, езанэ, етIуанэ курыт школхэм я командэхэм ещанэ увыпIэр зэдагъэшащ.

Муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафащIым и къуэдзэ IэхъуэбзэчАнзор футболист ныбжьыщIэхэм щIыхь тхылъхэр яритыжащ.

Хэтхэм я хьэлъагъым елъытауэ гупи 8-уэ гуэшауэ ирагъэкIуэкIа, бэнэкIэ хуитымкIэ турнирым Бахъсэн районым и спорт еджапIэхэмрэ и курыт щколхэмрэ я гъэсакIуэ щыIэпеуащ.

ТекIуахэр ягъэбелджылаI нэужь, щыбэна гупым япэ увыпIитIыр щызэыхьахэмрэ ещанэр щызэдзэзыгъэшахэмрэ утыкум кьрашащ.

КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI, Олимп чемпион Къардэн Мурат бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм псалъэ гуапэ яриIащ, спортсмен нэх къажэкIыну зэращыгугъыр къыхигъэщри, щIыхь тхылъхэр яритыжащ.

ИужькIэ концертышхуэ яублэри, зэкIуэтэху я нэгу зрагъэужащ, загъэпсэхуауэ, зэхуаIуэтэжын я кьуду зеикъуэдэсхэр зэбгрыкIыжащ.

ХЬЭЖЬЫКЪАРЭ Алик.

Олимп чемпион Къардэн Мурат яхэту.

Сурэтхэр Iэхъуэбзч Хьэзрэ1ил *трихащ.*

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур щэкIуэгъуэм и 14-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индекс ыр 51531
Тираж 3.267
Заказ №1878